लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# यीशु क समुद्री तूफ़ान के शांत करल



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



यीशु अउर उनकर
चेला लोग एगो नाव
में रहलें, तबे एगो
बड़ तूफान उठल।
ई एगो रोष की साथ
गलील की सागर
के उफान पर लिया
दिहलस। अइसन
तूफान जहाजन के
तूरला अउर डूबवला
क कारन बन
सकत रहे।

तूफान से चेला लोग डेरा गोइलें। पानी क लहर नाव में दस्तक देबे लागल। लेकिन यीशु नाव में तूफान की दौरान, एगो तकिया लगाके सूतल रहलन। चेला लोग यीशु के जगवलें अउर रो रो के कहे लगलें,



"प्रभु हम सब नाश होखत जात बानी जा !"



यीशु अपनी शिष्यन से पूछलन, "हे अल्प बिश्वासी तू लोग कांहें डेरात बाड़अ जा?" तब यीशु हवा के बहला से डँटलन ... अउर ... यीशु ओ भयंकर लहरन के शांत होखे के कहलें।



अब हवा शांत हो गइल ... समुन्दर भी शांति पूर्वक हो के थम्हि गइल।



चेला लोग बहुत चकित भइलें अउर कहलें "ई कइसन आदमी बाड़ें कि जिनकर आज्ञा क पालन हवा अउर समुन्दर भी करत बाटे!"





कुछ समय बाद, यीशु की जीवन में एगो अउर व्यस्त दिन आइल। लगभग 5000 से अधिक लोग एगो सुनसान जगह पर उनकर अनुसरण कइलें। केवल एगो छोट लड़का की दुपहरिया की भोजन क उपयोग करके परमेश्वर की शक्ति से, यीशु पूरा भीड़ के खियवलन। अब उहां शाम हो गोइल, यीशु सबके दूर भेज दिहलन।

चेला लोगन के भी वहां से जाये के पड़ल। यीशु ओ लोगन के नाव द्वारा गलील की सागर की दूसरी छोर पर जाये खातिर पहिले जाये दिहलन।





जब उ सब के दूर
भेज लिहलन तब
पहाड़ पर ऊपर
प्रार्थना करे खातिर
चल गइलन। शाम
आइल तब उ उहाँ
अकेले रहलन।

झील में शिष्य एगो आंधी से घेरा गोइलन जा। तूफ़ान उन सबके रोक दिहलस, ईहाँ तक की उ लोग घंटो नाव खेवते रहि गइलें।




चेलन के ई पता ना
रहलन, लेकिन उ
लोग बड़ा आश्चर्य
करत रहलन!



सुबह तीन अउर
छह बजे की बीच
में, समुन्दर की
बीच लहरन पर
चेला लोग कुछ
भयावह देखलें। "ई
एगो भूत हअ!" उ
लोग चिल्लइलें।



लेकिन उ यीशु
मसीह, उनकर प्रभु
अउर गुरु, पानी पर
चलत, उनकी ओर
आवत रहलन।

यीशु उन लोगन से कहलन, "मत घबरा जा! हम हईं, मत डरअ जा" पतरस जबाब दिहलन, "प्रभु यदि आप हँइं, त हमके भी पानी पर चल के आपकी पास अइला क अनुमति देइं।" यीशु कहलन," निर्भय होके आव, पतरस नाव से बाहर पानी पर कदम रखलन अउर यीशु की ओर चल पड़लन।





लेकिन जब
उ चक्रवात के
देखलन, पतरस
डेरा गइलन, अउर
डूबे लगलन। उ
चिल्लइलन,
कहलन, "हे प्रभु,
हमके बचा लेइं!"

तुरंत, यीशु हाथ बढ़ा के पतरस के पकड़ लिहलें। उ पुछलें, "हे अल्प विश्वासी, तूं काहें संदेह कइलअ हअ?" जब पतरस अउर प्रभु यीशु नाव में चढ़ गइलें तब, आंधी थम गइल।





फिर जे लोग नाव में रहल, सब आइल अउर ई कहि के की आप "वास्तव में परमेश्वर क पुत्र हँइं" उनकर आराधना कइल।



# यीशु क समुद्री तूफ़ान के शांत करल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती 8, मत्ती 14, मरकुस 4, लूका 8

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16